



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

Enfòmasyon ki kapab ede pou Moun ki ap koupe cheve yo, Salon Kwafi yo, ak Kwafè yo

Vyolasyon ki souvan fèt nou dwe konnen:

- **Pa afiche yon politik ranbousman** - Biznis yo dwe afiche politik ranbousman yo an nan chak kès, pwen vant, oswa nan chak antre. Menm si politik la pa fèt pou fè ranbousman, yo dwe afiche yon pano ki di "Pa genyen ranbousman." Kantite lajan amann ou kapab peye poutèt vyolasyon sa a se \$50-500. Lwa a: [Lwa nan Vil New York: Atik 6 §5-37](#).
- **Pa mete pri ki klè sou pwodwi yo** - Pwodwi ki pou lavant yo dwe genyen yon pri ki vizib sou yo. Pou kèk pwodwi, pri a dwe tache ak pwodwi a oswa sou yon ti afich kote pwodwi a ye a. Kantite lajan amann ou kapab peye poutèt vyolasyon sa a se \$25-250. Lwa a: [Kòd Administratif NYC §20-708](#).
- **Pa bay Resi** - Yo dwe bay kliyan yo resi pou acha ki vo plis pase \$20 epi sou demann si acha a vo ant \$5 rive \$20. Kantite lajan amann ou kapab peye poutèt vyolasyon sa a se \$50-500. Lwa a: [Lwa nan Vil New York: Atik 6 §5-32\(c\)](#).
- **Pa afiche yon lis pri ansanm ak kategori epi pri sèvis yo** - Yon lis pri ansanm ak kategori sèvis yo ak pri sèvis sila yo dwe afiche. Yo dwe afiche oswa poste lis pri a klè tou pre kès la epi/oswa nan kote yo fè kòmman lan (yo). Si lis pri an di genyen yon frè minimòm (egzanp, "soti nan tan dola...") oswa di yon pri "epi pi wo", li dwe di pou ki rezon gen diferan pri epi li dwe genyen ladan li yon maj pri. Kantite lajan amann ou kapab peye poutèt vyolasyon sa a se \$50-500. Lwa a: [Lwa nan Vil New York: Atik 6 §5-70\(a\)](#).
- **Pa genyen yon pèmi ki valid pou opere yon salon kwafè anba lwa Eta New York la ak lwa Vil New York la** - Ni Vil New York la ni Eta New York la mande pou ou genyen yon pèmi ki valid epi ki pa ekspire pou opere yon salon kwafè nan Vil New York. Kantite lajan amann ou kapab peye poutèt vyolasyon sa a: 200\$-2000. Lwa a: [Administrasyon NYC. Code 163.03](#), [NYCHC §5.04\(a\)](#), [NYCHC §3.11\(b\)](#), [NYS GBL, Chapter 28 §432](#).
 - Aplikasyon pou pèmi NYC na disponib nan: <https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/sbs/314c-standard-form.pdf>
 - Si ou vle renouvle pèmi NYC ou an, ou P AP kapab fè li ai ou genyen anpil amann pou ou peye. Pou peye amann ou yo anliy, tanpri ale nan: <https://www1.nyc.gov/site/finance/pay-now/pay.page>

Patisipe Aktivman nan Odyans OATH ou an:

- **Anglè pa lang manman mwen. Èske mwen kapab jwenn yon entèprèt nan odyans lan?** Sèvis tradiksyon gratis ap disponib nan tout odyans OATH yo.
- **Èske mwen ap kapab vini ak yon temwen nan odyans mwen an?** Wi, toutotan Ofisyè Odyans lan asepte sa. Genyen kèk Ofisyè Odyans ki ap menm dakò temwen yo temwaye nan telefòn.
- **Ki prèv mwen kapab vini ak yo?** Ou kapab prezante NENPÒT prèv ou kwè ki ap kapab ede ou nan pwosè ou an. Kapab se foto, deklarasyon moun ki pa kapab prezan nan odyans lan siyen, ak videyo. Ofisyè Odisyon an pral decide si wi oswa non evidans lan adapte ak akizasyon yo.
- **Èske yon moun kapab ede mwen konprann manda mwen resevwa an (yo)?** Wi, OATH genyen yon Sant Asistans ki genyen Kowòdinatè Jistis Pwosediral nan ekip li an ki kapab jwenn ak ou epi eksplike ou akizasyon yo, pwosesis odyans lan, penalite ou kapab genyen pou peye yo, kijan pou korije nenpòt vyolasyon, epi plis toujou!
- **Kisa mwen kapab fè si mwen pa dakò ak desizyon Ofisyè Odyans lan?** Lè tou de antite/pati yo asiste yon odyans OATH epi yo pa dakò ak desizyon Ofisyè Odyans lan, pati ki pa dakò a genyen dwa pou li depoze yon kontestasyon nan Inite Kontestasyon OATH la. Inite Kontestasyon OATH la pral detèmine si desizyon Ofisyè Odyans lan genyen erè dwa oswa erè sou sa ki pase tout bon yo, si li te baze sou dosye an, epi si se lalwa ki sipòte sanksyon ki bay yo.

Pou plis Asistans, Tanpri Sant Asistans OATH la an pèsòn nan nenpòt sit OATH, sòti nan Lendi rive Vandredi, sòti nan 8:00AM rive -5:00PM, nan nimewo telefòn sa a: (212) 436-0845, oswa nan adrès imèl sa a: Manhelpcenter@oath.nyc.gov.